Автор: Administrator
10.07.2019 05:39 - Обновлено 10.07.2019 05:42



Айдамиров Абузаран цIарахчу Нохчийн Республикин Къоман библиотекехь «Бенара бIаьсте – 2019» фестивалан гурашкахь дIабаьхьначу къоначу яздархошна юкъахь республикин къовсаман жамIаш дира. Къовсам Нохчийн Республикин яздархойн цхьаьнакхетаралло дIабаьхьира.

«Нохчийн маттахь тоьлла литературин говзар» номинацехь хьалхара меттигаш Тапалаева Амината (I меттиг), Махмудов Iийсас (II меттиг), Муртазов Iадлана (III меттиг) ехира. «Оьрсийн маттахь тоьлла литературин говзар» номинацехь Умарова Асетан (I меттиг), Хурцаев Турпалан (II меттиг), Цураев Мохьданан (III меттиг) белхаш къастийнера. Иштта къовсамехь дакъалаьцначу кхечу яздархой кхолларалла а билгалъяьккхира грамоташца, совгIаташца.

Мероприятехь дакъалоцуш хьеший бара: Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин куьйгалхочун заместитель, конкурсан жюрин председатель Байсултанов Идрис, Нохчийн Республикин Куьйгалхочун пресс-секретарь Каримов Iальви, Нохчийн Республикин хьехархойн университетан профессор, филологин Iилманийн доктор Джамбеков ШаIрани, Нохчийн Республикин Яздархойн союзан председатель Ибрагимов Канта.

Массара а билгалдаькkхира оцу тайпа мероприятеш дIаяхьаро нохчийн литературина, культурина, къона чкъор кхетош-кхиорна тIе дикачу агIор тIеIаткъам беш хилар.